

COVID-19: Gid pou Moun ki Itilize Dwòg yo

Pou w jwenn plis enfòmasyon jeneral sou maladi kowonaviris 2019 (COVID-19) la, vizite nyc.gov/health/coronavirus oswa cdc.gov/covid19. Pou mizajou nan tan reyèl yo, voye mesaj tèks "COVID" bay 692-692. Frè mesaj ak done yo kapab aplike.

Prevansyon kont COVID-19

- Rete lakay ou. Menm si ou santi ou byen epi ou pa gen okenn sentòm, ou dwe rete lakay toutotan ou kapab.
- Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn. Sèvi ak yon dezenfektan abaz alkòl si pa gen savon ak dlo disponib.
- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon mouchwa oswa manch rad ou lè ou estène oswa touse. Pa itilize men ou.
- Pa touche je ou, nen ou, oswa bouch ou avèk men w san lave.
- Pa bay lanmen. Olye de sa, fè siy ak men ou.
- Siveye sante ou ak plis atansyon ke dabitid pou lafyè, tous, difikilte pou respire, gòj fè mal oswa lòt sentòm grip oswa ki tankou rim.
- Kreve plis espas pèsònèl ant ou menm ak lòt moun yo, ki gen ladan kenbe omwen yon distans 6 pye ant ou menm ak lòt moun. Yo rele sa elwayman sosyal oswa elwayman fizik.

Ti konsèy pou Itilize Dwòg pi an Sekirite

- Siye pakè ki gen dwòg la, materyèl yo ak sifas yo avan w itilize yo.
- Prepare dwòg ou pou kont ou.
- Evite itilize dwòg lè w pou kont ou.
- Toujou gen naloksòn avèk ou (naloxone). Naloksòn se yon medikaman sekirite ki ka envèse efè yon sidozaj opyoyid.
- Kreve yon plan sekirite pou sidozaj avèk yon moun ki konnen ou pral itilize dwòg.
- Si ou pral itilize dwòg pou kont ou, rele liy asistans "Pa janm itilize pou kont ou" an (Never Use Alone) nan **800-484-3731** avan w itilize.
- Kontakte yon pwogram sèvis sereng (SSP, Syringe Service Program) pou w wè si y ap livre materyèl pou itilize dwòg ki esterilize ak naloksòn.
- Prepare w pou gen mank materyèl potansyèl oswa chanjman nan apwovizyonman dwòg la.

Si w enjekte:

- Evite pataje travay.
- Si l posib, prepare ak administre pwòp enjeksyon w.

- Pa niche zegwi a.

Si w konn rale nan nen:

- Evite pataje chalimo oswa nenpòt lòt bagay ou konn itilize pou rale dwòg nan nen w, ki gen ladan materyèl pou koupe dwòg yo, tankou kat plastik yo oswa monnen vennsenk santim yo. Siye pati twou nen w touche yo ak yon sèvyèt ki gen alkòl chak fwa avan w itilize yo.

Si w itilize pip, bong oswa sigarèt elektwonik yo:

- Evite pataje. Siye pati po bouch ou, nen w, oswa men w touche yo ak yon sèvyèt ki gen alkòl chak fwa avan w itilize yo.

Gid Adisyonèl

- Si w ap pran nenpòt medikaman, pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou fason pou w jwenn plis medikaman pou diminye kantite fwa w al nan famasi.
- Si w ap pran medikaman pou twoub itilizasyon opyoyid tankou metadòn oswa biprenòfin:
 - Kontakte pwofesyonèl swen k ap ba w tretman opyoyid la pou w diskite sou opsyon pou randevou medsin a distans yo.
 - Pale ak pwofesyonèl swen k ap ba w tretman opyoyid la sou opsyon pou pran medikaman lakay ou.

Resous yo

- **[Pwogram Sèvis Sereng yo \(SSPs\)](#)** se pwogram ki bay moun ki konn itilize dwòg yo sèvis ak ekipman esterilize pou pran dwòg. Rele SSP lokal ou a pou w jwenn ki sèvis y ap ofri pandan epidemi COVID-19 lan. Vizite nyc.gov/health epi chache pou "**syringe service programs**" (pwogram sèvis sereng yo).
- **Pou w jwenn naloksòn tou pre ou**, vizite nyc.gov/naloxone. Kontakte pwogram kominotè yo ak famasi yo pou mande si yo gen naloksòn disponib avan w ale nan lokalite yo, paske lè ak disponiblite ka chanje akòz repons a epidemi COVID-19 lan.
- **NYC Well:** Anplwaye NYC Well yo disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou lasemèn, epi yo ka bay konsèy byen kout ak referans pou swen nan plis pase 200 lang. Pou sipò, rele 888-692-9355 oswa diskite anliy lè ou vizite nyc.gov/nycwell.

Depatman Sante Vil New York la ka chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.

4.27.20